



CENTRAL BROOKLYN ASCEND LOWER SCHOOL

465 East 29th Street, Brooklyn, NY 11226

t: 917-246-4800

e: cbls_ops@ascendlearning.org

w: www.cbls.ascendlearning.org

[SY 2021-22 Family Calendar](#)

RAPEL POU PARAN

11 oktòb, 2021



C'EST L'AUTOMNE

Chè Fanmi Central Brooklyn Ascend Lower School,

Nou espere nou tout byen! Nou deja ap antre nan 9yèm semèn lekòl ak byen lwen nan sezon otòn lan! Men yon bon [lis 30 Aktivite Otòn ou ka fè ak timoun nan NYC.](#)

Tanpri revize enfòmasyon sa yo ak rapèl pou semèn kap vini yo.

MIZAJOU Pwotokòl COVID-19



Tanpri revize **Règleman Vaksinasyon Anplwaye Ascend LA** - afiche sou sit entènèt nou an.

Nouvo Konpayi Tès Covid-19 - Nou pral fè tranzisyon a yon nouvo konpayi mwa sa a ki ap pèmèt nou teste anplwaye ak elèv yo ak klas Tès PCR la ki rele SalivaClear, olye ke sa nap itilize aktyèlman tès Rapid la ki teste atrave nen an. Tanpri revize [LÈT](#) konsènan chanjman sa a.

Gade Videyo Laboratwa Mirimus la sou [Tès SalivaClear LA](#). Tanpri ranpli fòm konsantman ke yo te voye lakay ou semèn sa a pou enskri elèv ou an **pa madi, 12 oktòb.**

Kom yon rapèl, ou ka jwenn sit pou tès Covid-19 ki tou pre pa voye yon tèks mesaj nan nòmbrò **85548**.

MANJE LEKÒL



[Meni Dejene, Manje Midi ak "Snack" pou oktòb](#) afiche sou sit entènèt nou an.

Tanpri sonje nou se yon lekòl ke timoun yo paka poter manjer ki gen nwa ladan l - pa voye nenpòt atik ki gen nwa nan lekòl la ak elèv ou a.

Elèv k ap pote dejene / manje midi de lakay yo dwe pote l avèk yo lè yo rive, biwo prensipal la pa aksepte / delivre dejene ak manje midi ke paran depozer nan salklas yo.

MIZAJOU BENEFIS MANJE P-EBT AN



Anpil fanmi vle konnen de Benefis Manje Pandemic-EBT la pou lekòl nou an.

Distribisyon benefis manje a ap kontinye pandan plizyè mwa, akòz gwo kantite timoun ki kalifye yo ak lekòl k ap patisipe nan Pwogram Repa Eskolè Nasyonal atravè eta a.



Si pitit ou a (yo) kalifye epi li pa resevwa benefis P-EBT nan mwa **novanm 2021**, ou ka ranpli [Fòm Enfòmasyon P-EBT](#) a. Pou enfòmasyon ki ajou, tanpri klike sou [LA](#).

Si ou te pèdi kat Benefis Manje P-EBT pitit ou a (yo), ou ka mande yon kat ranplasman lè w rele 1-888-328-6399.

Ou ka wè Rapèl pou Paran ki pase yo sou sit entènèt nou an: www.cbls.ascendlearning.org

<p>MASKS</p> 	<p>Gen yon ogmantasyon nan elèv ki rive lekòl san mask yo. Asire w elèv ou a rive ak yon mask nan bilding lan. Pandan ke nou gen yon rezèv adisyonèl nan mask, elyèw ta dwe gen pwòp mask yo pandan arrive le maten.</p>
<p>PWOSEDI APÈL ABSAN</p> 	<p>No make elèv yo absan si yo pa prezan fizikman nan bilding lan oswa adistans (nan ka klas rentrer nan aprantisaj adistans lekòl la).</p> <p>Apèl absan nan sistèm otomatik nou an fè apèl pou kèlkeswa rezon, mesaj sistèm lan baze sou prezans nan jou a. Sa a se menm bagay la pou elèv k ap aprann adistans kòm yon rezilta karantèn. Si elèv ou a pa prezan pandan reyinyon maten kòmmanse nan 8am, yo ka anrejistre kòm absan. Tanpri notifie biwo prensipal la si ou kwè ou te resevwa yon apèl absan nan erè.</p> <p>Elèv ou a ap make absan ak yon kòd / nòt ki deklare li se yon absans eskize oswa san eskiz. Tipikman, egzanp absans eskize yo se elèv ki dwe karantèn, lekòl la voye lakay yo, gen vizit legal obligatwa ak yon paran, yo malad (yo dwe bay nòt doktè a).</p>
<p>UNIFORMS</p> 	<p>Inifòm elèv yo se yon aspè enpòtan nan kilti lekòl nou an. Yo sipòte yon kilti ki fè pati ak kominote a. Inifòm ede kreye balans nan lekòl la epi pèmèt elèv yo konsantre sou sa ki pi enpòtan - aprantisaj yo.</p> <p>Fakilte oswa anplwaye tcheke inifòm lè elèv yo rive lekòl. Yo enfòm fanmi yo si elèv yo rive nan lekòl san inifòm. Yo te dwe mete Chanday lekòl CBACS ki gen Logo Ascend la, chemiz yo dwe rantre nan pantalon yo, lasèt yo dwe mare. Si elèv lekòl pi ba yo pa ka mare soulye yo, tanpri konsantre sou devlope konpetans sa a lakay ou. Mete etikèt sou tout rad ak non pitit ou a, espesyalman atik ki ta ka retire pandan jounen an. Etikèt asire ke atik pèdi yo retounen bay mèt yo.</p>

EVÈNMAN KALANDRIYE KAP VINI YO

<p>mèkredi. 13 oktòb jedi. 14 oktòb</p>	<p>Klas 2, 3, 4 - Evalyasyon Matematik</p>
<p>Semèn 18 oktòb</p> 	<p>Semèn Konsyantizasyon Kansè nan Sein Klinik Mamografi nan madi, 12 oktòb soti nan 10-3pm Patwone pa Senatè Eta Kevin S. Parker an patenarya avèk NYU Langone Health, Mount Sinai & Flatbush Gardens Tenant Association - Gade feyè isit la</p>
<p>vandredi. 22 oktòb</p>	<p>PA GEN ELÈV Jou Devlopman Pwofesyonèl</p>
<p>Semèn oktòb 25 - 29</p> 	<p>VIZIT DANTIS MOBIL! Tanpri ranpli FÒM SOU ENTÈNÈT LA oswa fòm pape yo nou voye lakay ou semèn pase a.</p>
<p>vandredi. 29 oktòb</p>	<p>Jou Karaktè Liv</p>
<p>madi. 2 novanm</p>	<p>Pa gen lekòl - Jou Eleksyon</p>
<p>jedi. 4 novanm vandredi. 5 novanm</p>	<p>Konferans Rapò sou Pwogrè (lekòl lage a 1:00pm)</p>
<p>lendi. 11 novanm</p>	<p>Pa gen lekòl - Jou Veteran yo</p>



Objè Pèdi ak Twouve

sitiye nan nivo MPR (sousòl) anvan ou antre nan kafeterya a. Tanpri asire chanday elèv ou a gen non yo sou li, osi byen ke sak manje midi, boutèy dlo, etc. Tcheke zòn nan Objè Pèdi ak Twouve pou atik pèdi; biwo prensipal pa kapab lokalize rad ak atik ki pèdi.

